sochi.ru 2014

Зы тхьэмахуэ дэкIмэ, XXII Олимпиадэм щIедзэ

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№19 (22.677) • 2014 гъэм мазаем (февралым) и 1, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр сомИ 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●Дыгъуасэ

Гулъытэшхуэ егъуэт

КъБР-м и Правительствэм и Унэм щIышылэм и 31-м щыIэзэхэщ зэIущIэ щIкIэпэ. Ар теухуауэ щытащ Зыуэ щыт къэрал экзаменыр 2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщIкIуэкIым ехьэлIа IуэхугъуэхэМ.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **КIуэкIуэ Юрий**, Парламентым и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар**, Правительствэм и УнафэщI **Храмов Константин**, министерствохэм я унафэщIхэр, КъБР-м и хабзэхъумэ органхэм, Жылагъуэ палатэм я лIыкIуэхэр, республикэм и куейхэм, къалэхэм я администрацхэм я Iэтащхьэхэр, егъэджэныгъэмкIэ щIыпIэ IэнатIэхэМ я пашэхэр, еджапIэ нэхъыщхьэхэм я унафэщIхэр, нэгъуэщIхэр.

КIуэкIуэ Юрий къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ зэхуэсыр. Илъэс зыбжанэ хъуауэ жылагъуэр зыхэт икIи зыгъэпIейтейуэ щыт ЕГЭ-м, 2013 гъэм ди республикэм я къэпщытэныгъэхэр щыщкIуэкIа кхъэуа Iуэху мыщхьэпхэм кIэщIу къытеувыIа нэужь, абы псалъэ иритащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Емуз Нинэ.** Абы кхъэхуэсахэм я пащхьэ щишIа докладым куауэ щызэпхырихащ Зыуэ щыт къэрал экзаменым республикэм нобэкIэ щIэ щытыкIэм, ар егъэфIакIуа хъун папщIэ лэжьыпхъэхэри къыщигъэлъэгъуащ. Абы жиIахэм пащэу, ахэр къызэпкърахыу зэхуэсым къыщыпсэльащ КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и комитетым и унафэщI **Дада МуIэед**, Жылагъуэ палатэм и лIыкIуэ **Гуляевэ Валентинэ.**

Зэхуэсым и лэжьыгъэм жыдэжру хэтащ **Чеченов Ануар, Храмов Константин**, Къэрал кIуэцI IэхуэхэмкIэ министру КъБР-м щыIэ **Васильев Сергей,** УФ-м и Следственнэ комитетым КъБР-м щыIэ IэнатIэмкIэ и унафэщI **Утта Валерэ,** ГъуаздэжьэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ институтым и ректор **Рахаев Анатолий,** нэгъуэщIхэми.

Зытепсэлъыхьа IуэхугъуэхэмкIэ унафэ хэхаХэр къыщащтащ зэIущIэм.

Ар зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ ди газетым и къыдэкIыгъуэхэм ящыщ щым тетынущ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

●Коллегиехэр

Щэнхабзэмрэ гъуаздджэмрэ гулъытэ щагъуэтым мыхъумыщIагъэр щымащIэщ

А гупсысэр щытепщэу щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и коллегием и зэIущIэм. Абы кьыщапщытэжащ блэкIа илъэсым зыхуагъэувыжауэ щыта къалэнхэм, зэрыпсэльащ. УФ-м и Президентым Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам кьыхэщ къэрал щэнхабзэ политикэмрэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ» 2013 - 2017 гъэмэ ятещIыхьа къэрал программэмрэ гъэзэщIа хьунымкIэ яхуэзэфIэкIыр.

ЗЭIУЩIЭМ, зэрыхабзэу, кьрихьэлат министерствэм, абы и нэIэм щIэт Iуэхущапкlэхэм я унафэщIхэр, щэнхабзэм, гъуазджэм я лэжьакIуэхэр. Кьэпсэлъэнуэхэм ухэах дакьикъэ бжыгъэр яубзыхуа иужь, зэхьыхэр езыгъэкIуэкIа, ди республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщзэгъу **Уянаевэ Iэминат** псалъэ иритащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Фырэ Руслан.

- Iуэху нэхъыщхьэу 2013 гъэм диIар профессионалнэ гъуазджэм зегъэужьыным, республикэм и щэнхабзэ хьуГъуэфIыгъуэхэр хьумэным, цIыхубэ творчествэм дихьэхэр гъэгушхэным, хэгъэгум и цIыхухэм щэнхабзэ, нэгъуэщIу Iуэхугъэ нэхъыбэу егъэльагъуным ехьэлIакIэ, - кIыхьигъащ и къэпсэльэныгъэм и пэщIдзэу Фырэм. - 2013 гъэм зэфIэдзэкIахэм я пажэу кьэлытапхъэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм 2013 - 2017 гъэхэм кьрипубЛIэу зэрызэуужьынум ехьэлIа къэрал программэр кьыззэрытщар, УФ-м и Президентым 2012 гъэм накьыгъэм и 7-м Iэ зыщIидза, ди Iэнатlэм и лэжьыгъэр 2018 гъэм нэсыкъу зыуэнэт «Къэрал социальнэ политикэр гъэзэщIэнымк ухэха Iуэхугъэр» Унафэр зэи пьабжэкIэ.

Апхуэдэуи и гугъу ищIащ дунейпсо, урысейпсо, щыIналъэ зэIущIэхэу Налшык щекIуэкIахэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр Кавказ Ищхьэрэм и щэнхабзэ щыпIэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр наIуэ зэрищIа. Фигу къэдгъэкIыжынщи, ди деж щекIуэкIауэ дирижёр цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист Темыркъан Юрэ и ныбжьыр ильэс 75-рэ зэрырикъум трауха зэхьыхьэшхуэкIэ - Симфоние макьамэм и етIуанэ дунейпсо, «Налшык Кавказым и щэнхабзэ къалащхьэщ» фестивалкIэ, Станиславский Константин кьыззэрагъэпэща «Южная сцена» Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэ театр фестивалыр, адыгэ, балъкъэр лъэпкъ уэрэдыкьэм я республикIэ фестивалхэу Къардэнгъуэ Зырамыкъуэ Отаров Омаррэ я цIэхэр зезыхьэхэр, «Iуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащIэ кьафэхэр» Iуэрыlуатэ фестивалыр, нэгъуэщI куэдри. Кьапщтэмэ, ди республикэр зэрыгушхуэ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр хэтащ «Кавказ Джэгухэр - 2013» ещанэ фестивалу Псыхуабэ щекIуэкIам, Лондон щыIа Олимп Джэгухэм я щэнхабзэ Iуэхугъэм.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● КъБР-м и Парламентым

КъБР-м и Iэтащхьэр хэзыхынур депутатхэращ

КъБР-м и Парламентым щышылэм и 30-м гъатхэ сессием и яп зэIущIэр щекIуэкIащ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Чеченов Ануар** зэIущIэр къыщыдзэIуихым, ди республикэм щызэIэпаха Олимп мафIэр хуэфIыну хъуахъуэри, Урысеим и пщIэр зыIэтын екъуIэныгъэфIэхэр ди щIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ зыIэрагъэхьэну зэрыщыгугъыр и псалъэхэм дыщигъужащ.

Парламентым и зи чэзу зэIущIэм депутатхэм кьыщыздадащтахэм ящыщыщ Налшык кьаалэ дэт суд Iуэхущапкlэ №3-м и зэгурызыгъэIуэж хеящIэу **Багъ ФатIимэт**, Прохладнэ куейм дэт Iуэхущапкlэ №2-м - **КIуащ Артур** сымэ гъэувыным и Iуэхур.

ЗэIущIэм кьыщызэдащтащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэу **АхъуэхъУ Къанцобийрэ Говоров Сергейрэ** республикэм и Шэджэм, Прохладнэ куейхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэм я къалэнхэр зэгъэзащIэу къыщыдзыIуихыным. Апхуэдэуи парламентархэм **Додуев Аскэр** и депутат къалэнхэр щыгъэзащIэу къыщыдзыIуихыным, Абы кьыхэкIыу хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и языныкъуэ комитетхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хальхьащ: КъБР-м и Парламентым бюджетымкIэ, налогымрэ финансхэмкIэ и комитетым и унафэщIу **Мэремыкъуэ Сэфарбий**, Экономикэ политикэмкIэ, уней мыгъэкъурэ хьэрычэт Iуэхухэмкlэ комитетым и унафэщIу **Несутулов Викторэ**, Экологиемрэ щIыуэпсым и кьугъуэфIыгъуэр хьумэныкIэ комитетым и унафэщIу **Куэшей Азэмэт** сымэ ягъэуващ. КъБР-м и Парламентым Промышленностымкlэ, гъэзэгумрэ транспортымкIэ и комитетым и унафэщIым и кьуэдзэу **Бырхьэм Хьэмидбий**, Мэкъумэщ политикэмрэ щIы Iуэхухэмкlэ комитетым и унафэщIым и кьуэдзэу **Бердюжэ Владимир** ягъэуващ.

Ахъуэхъу Къанцобий кьыщыпсалъэм, щIэгъэкъуэн кьыхуэхъуа нэхъыщхьэмрэ Парламентым и Аппаратым хэтхэмрэ фIыщIэшхуэ яхунщIри, дзыхь кьыхуащIа кьуэлыкъым хуэфащэу, жэуаплныгъэ пылъу пэрытыну жиIащ.

Парламентархэр арэзы зытехьуахэм ящыщщ КъБР-м и Парламентым кьыбгъэдэкIыу Кавказ Ищхьэрэм и Парламент Ассоциацэм экономикэ политикэмрэ бюджет Iуэхухэмкlэ и комитетым Ахъуэхъу Къанцобий и пIэкIэ КъБР-м и Парламентым и депутат **Мэремыкъуэ Арсен** зэрагъэкIуэнур.

КъБР-м и Парламентым етIуанэ еджэгъуэу «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Конституцэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и Iуэхум» щыхэпIылащ. Абы Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэр КъБР-м и Парламентым и депутатхэм хахыну хуит ещI. Iэтащхьэр зэрыхахыну щыкIэри кьыхэдащтапхъэу къегъэув.

КъБР-м финансхэмкIэ и министр **КIэрэф Мурат** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр 2014 гъэм, 2015 - 2016 гъэхэм ятещIыхьауэ унафэм хэтъхьапхъэ зэхуэсыкIыныгъэхэр къигъэлъэгъуащ.

Ахэр кьыхэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **КIуэкIуэ Юрий** зыхуэл хуэзэу кьызэгъэпэща перинатальнэ Iуэхущапкlэ республикэм кьыщызэрагъэпэщыну пщэрыпль эращищIам. Ар зэхуэсым лэжьэн щIидзэн щхьэкIэ 2014 гъэм абы сом мелуан 257-м щIигъу хухахыну я мурадщ, 2015 гъэм ар фIыуэ нэхъ мащIэнущ икIи псори зэхэту гъэ кьакIуэ трагъэкIуэдэнур мелуан 64,4-щ зэрыхъур. Министрым кьызэхуэсахэр зэрыщигъэтъуэзамкIэ, Iэмал зимыIэ медицинэ страховани и федеральнэ фондым кьыхэкIыу перинатальнэ Iуэхущапкlэр ираухуэну сом мелардрэ мелуан 289-рэ кьыхуауТIыпщыну.

Футболыр фIыуэ зыпгъуэхэм папщIэ хъыбар гуапэ жиIащ КIэрэфым: КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм и унафэкIэ «Спартак-Налшык топджэгу гупым и щыхэр ирапшыныжыну сом мелуан 61-рэ ираты нущ. Абы кьыщыпсэмыщIауэ, футболым ди республикэм зыщынужьыну, щIэблэр а спорт лIэужьыгъуэм драгъэхъхьын мурадкIэ сом мелуани 3,7-рэ хухахащ. Апхуэдэуи финансхэмкIэ министрым зэIущIэм щыжиIащ КъБР-м Узынщагъэр хьумэнымрэ курортхэмкIэ и министерствэм хущхьуэ зэмыIэужьыгъуэхэр кьрищэхуну федеральнэ мыпкъум кьыхэкIыу сом мелуан 90-м щIигъу кьыззэрыратынур.

Республикэм и социальнэ экономикэ щыщIэныгъэхэм ятеухуауэ я Iуэху епIыкIэ-хэр зэIущIам кьыщагъэхъугъуащ «Родина» Урысейпсо демократие партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и тхьэмадэ **Щоджэн Хьэчим**, «Яблоко» Урысейпсо демократие парт зэгъэтым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и тхьэмадэ **Кучмезов Хаким**, «Пэжыгъэм и Урысей фронт зэгъэт» партым и лIыкIуэ **Гылыев Хьусен** сымэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

УФ-м и Президентым и хъуэхъу

Iуащхьэмахуэ районым щIыхь зиIэ и цIыху, Хэку зауэшхуэм и ветеран Борец Георгий илъэс 90 зэрыкIуэуар иджыблагъэ игъэлъэпIащ. А махуэм УФ-м и Президент Путин Владимир къигъэхьа хъуэхъу телеграммэр юбилярым иратыжащ район администрацэм и лэжьакIуэхэмрэ ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и лIыкIуэхэмрэ.

Борей Георгий илъэс 18 ирикъуа къудейуэ 1942 гъэм зауэм Iухьащ. Кавказым ар уIэгъэ хьэлъэ щыхъури, ныкъуэдыкъуэу кьэнащ. Ауэ зауэ нэужьым и ныбжьыр хэкIуэтэху механизатору лэжьащ. Ар 1996 гъэ лъандэрэ Тырныауз кьалэм щопсэу.

ТАРИМ Алисэ.

●Къэрал IуэхущIапIэхэм

Ахъшэу хухахым хохъуэ

2014 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ Социальнэ страховани мкIэ фондым и т пособиехэм хэхъуащ.

АНЭМРЭ сабийм я ахъшэм и коэффициентыр 1,05-кIэ яIэтащ. Сабий зыгъуэтым зэ етыгъуэу хухахым сом 700-м нэблагъэ хущIагъуащ. Иджы ар сом 13741-рэ кIэпIейкIэ 99-рэ мэхъу. Медицинэ IуэхущапIэхэм я учётым пасэу ув цIыхубэ уэндэгъуэм зэ етыгъуэу сом 515-рэ кIэпIейкIэ 33-рэ хухахынущ, ятэ сабийм кIэлъыплъым мазэ пособиеу сом 2576-рэ кIэпIейкIэ 63-рэ, етIуанэ - ещанэ сабийм - сом 5153-рэ кIэпIейкIэ 24-рэ е нэхъыбэ дыдэу сом 17990-рэ кIэпIейкIэ 11-рэ яIэрыхьэнущ.

Дунейм ехьжар щIэлъхьным сом 5002-рэ кIэпIейкIэ 16-рэ хуоз.

ЛэжьапIэ IэнатIэм фэбжь щызыгъуэтхэмрэ уз гъэтIылъа зиIэхэмрэ фIэкIыпIэншэ страховани мкIэ ират ахъшэ бжыгъэми зихьуэжащ. Зэ етыгъуэ пособиер нэхъыбэ дыдэу сом 80534-рэ, мазэ къэс хухахыну сом 61-рэ 920-рэ хъуэ ягъэуващ.

Урысей законодательствэм ипкъ иткIэ, мазэ улахуэ нэхъ мащIэ дыдэр мы гъэм и пэщIэдзэм сом 5554-рэ хъуэ ягъэуващ. Ар тращIыхьащ цIыхубэ уэндэгъуэм, бын зыгъуэтахэу, сабийм кIэлъыплъэу мазэ къэс пособие зратхэм. УФ-м Социальнэ страховани мкIэ и фондым социальнэ взносхэр зыхалъхьну иззыгъэуIу IыхьэрэнхьыбэдыдэУ мы гъэм зэрыхъунур сом мин 624-рэщ.

И жэрдэмкIэ страховани зезыгъэщIхэм илъэсым халъхьэр сом 1932-рэщ.

Страховани щымыщ ахъшэхэр (студентхэм, еджакIуэхэм, зэгурыIуэныгъэм тету мылажьэхэм, дзэ къуалыкъущIэхэм, нэгъуэщIхэми хухахын хуей пособиехэр) Социальнэ страховани мкIэ фондым (ФСС) и пIэкIэ дяпкIэ зытынур щыналъэхэрщ. Абы теухуа законым кьару игъуэтащ.

ПОГРЕБНЯК Ольгэ.

■ Зэ1ущ1эхэр ■ Телелъэмыж ■ Щэнхабзэ

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт Щбэт къыдэкIыгъуэ ■ Малъхъэдис

Я узыншагъэмкIэ ядогуашэ

●Псапэ

Налшык къалэ дыгъуасэ щекIуэкIащ «Лты зыт бзылъхугъэ» фIыщIэхэм щIэту къызэрагъэпэща, езыхэм яфIэфIу лты зытхэм я етхуанэ псапащIэ Iуэху щхьэпэр. Илъэситху хъуауэ ар къызэрагъэпэщ «М-Драйв» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

- «ЗЭМАНЫР сыт хуэдэу щымытами, цIыхум сытым дежи гущIэгъу хэлъу кьэнэжьын хуейщ, дэIепыкIыгъэу хуэныкьуэм зыщIэбгъэкъуэныр псапэщ, - жиIащ «М-Драйв» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Байснев Темыржан. - Псом хуэмыдэу цIыхум и узыншагъэкIэ гуныкьуэгъуэ щиIэм деж абы зыгуэркIэ гупсэхугъуэ ептыжьынкIэ ящIэ и уасэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ дэ тхуэзэфIэкIащ, лты тыным цIыхуэгъэ кьыззэрыхуедджэным дыхущIокъу, абы и лъэныкъуэкIэ мис нобэ хуэдэу псапащIэ Iуэхуэгъэ зэхьдошэ. Узыншагъэр хьумэн Iэнатlэр нэхъыбэрэ зыIуэу я гугъуехьэхэм ящыщу сымаджэщхэр зрикьуну лыIэкIэ нэсу кьызэрэпэща зэрыкьыкуэр. Лты иткIэрэ, дэтхэнэ цIыху узыншэми зыкIи кьытемыхьэлъэу хуэзфIэкIынущ сымаджэм и гъащIэм кьыпищэн. Сэ сызэрепIымкIэ, лты птамэ, мыхьэнэшхуэ зиIэ кьалэн бгъэзэщIащ, зыгурым сэбэн уэрэд ящIэ, уэрэн уи узыншагъэр кьэпщытэ хуащI».

Лты щат республикэ станцым дыгъуасэ цIыху куэд щызэблэжащ. Абы екIуэлIащ КъБР-м Энергетикэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тарифэ политикэмкIэ и министерствэм, ГИБДД-м, Налшык къалэ, Хъэсэней жылагъуэм я администрацэхэм, «Адыгэ псалъэ» газетым, «1 КъБР» къэрал телерадиокомпанием я лэжьакIуэхэр, КъБКъУ-м и егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

Станцым екIуэлIам япэщIыкIэ дохутырыр йопсалъэ, итIанэ я узыншагъэр кьапщытэ икIи дагъуэ гуэр иIэу гурыщхьуэ ящIамэ, лты ирагъэтырыкым. Абы и узыншагъэр зэрыриту зэфIэкIуэжьын чэнджэщхэр ираТир, унэм ягъэкIуэж. УзыншагъэкIэ зыгуэрым удэгуэшэн папщIэ, ар уэ езым дагъуэншэу уиIэн хуейщ.

- Дэ фIыщIэ яхудоущ сымаджэхэм ядэIэпыкъун щхьэусыгъуэкIэ ди деж кьекIуалIэхэм, - жеIэ Лты щат республикэ станцым и къудамэм и унафэщI Дудар Аэз. - Ди жагъуэ зэрыкьунщи, лты зытхэр апхуэдэуи куэд хуркым. Дыкьыдэзыхьыжыр лты тыным теухуа псапащIэ Iуэхуэхэр кьызэрагъэпэщуэр гуп-гупурэ ди деж кьыщекIуалIэхэрщ. Цыхуэхэм кьагурыIуэн хуейщ лты тыным иIэ мыхьэнэр. Куэдрэ кьыщыхьу щыIэщ цыху гъащIэр кьебгъэлъын папщIэ лты хьымыкIэнкIэ Iэмал имыIэу щытыкIэ укьыщихутэ. Абы папщIэ дэ сытым деж лты гъэтIылыпIэ диIэн хуейщ.

Псапащ1э Iуэхум хэтахэм Лты щат республикэ Iуэхущапl эм тыгъэ яхуищащ футболкэхэр, «М-Драйв» жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэт Ерчэн Щамил абыхэм яритащ «Мэшыкьэ2» проектым кьыщихьа ахъшэ саугъэтымкIэ кьызэригъэпэщ концертым и билетхэр.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэз.

Мы махуэхэм

Мазаем и 1, *щэбэт*

■США-м щагъэлъапIэ Хунтыныгъэм и махуэр. Америкэм и президент Линкольн Авраам 1865 гъэм мазаем и 1-м унафэ ищIауэ щытащ гъэпщIалIыныгъэр щымыгъэIэкъыным теухуауэ.

■1931 гъэм Москва щыIазэIуахащ Союзкино («Мосфильм») фабрикэр.

■1829 гъэм Нэгумэ Шорэ Налшык къыщызэIуихащ сабий нэхъ акъылыфIэхэм я школ.

■1929 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал хорыр кьызэрагъэпэщащ.

■КъБР-м щыIэ зиIэ и артист **Къардэн Льостэмбий** кьызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокIу.

■Урысей Федерацэм и яп Президенту щыта **Ельцин Борис** кьызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокIу.

■Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессору илъэс куэдкIэ лэжьа **Лъэщкокъу МутIалиб** кьызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокIу.

■Археолог, шапсыгъ лъахэдж, узэщIакIуэ **Тэш Мадин** кьызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокIу.

■Адыгэ Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ **Куэшбей Пщымахуэ** кьызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокIу.

■УФ-м и цIыхубэ артист, узэрэджьакIуэ цIэрыIуэ **Лещенко Лев** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык бзыгъэу щыщытынущ. ЩIыпIэ махуэм гуадзэ 14 - 13, жэщым градус 18 - 16 щыхьэнущ.

Мазаем и 2, *тхьэмахуэ*

■ Азербайджаным щагъэлъапIэ щIалэгъуалэм я махуэр

■1943 гъэм советыдзэм Сталинград деж щызэтрагъкIуащ эмыцэ-фашист зэрыпхьуакIуэхэр.

■1943 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и унафэкIэ ягъэувауэ щытащ «Хэку зауэшхуэм хэта партизаным» медалыр.

■1956 гъэм дунейм щыяпэ стратегие Iэщэр Семипалатинск (СССР) щагъэзэнэхуащ.

■Франджым и Лыхъужь **Хьэгъундокуэ Елмэсхан** кьызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокIу.

■КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Джаурджий Iэбисал** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокIу.

■КъБР-м и цIыхубэ артист, узэрэджьакIуэ цIэрыIуэ **Мэремыкъуэ Хъусен** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. ЩIыпIэ махуэм гуадзэ 13 - 9, жэщым градус 13 - 11 щыхьэнущ.

Мазаем и 3, *блыщхьэ*

■Мексикэм и къэрал маухуэнхуэщ - Конституцэм и махуэщ

■Вьетнамым щагъэлъапIэ я Компартыр къыщызэрагъэпэща махуэр

■1924 гъэм «Къэбэрдей Плъыжь» газетым и цIэр «Къэрэхьэлъкъ» жиIэу зэрахъуэкIащ.

■1925 гъэм СССР-м радиом псэльэн щыщIидзащ.

■1957 гъэм франджы химик Нгуен Ван Хои хэIущIыIу ищIауэ щытащ тутын Iугъуэм лыщхьэгъэхьэл щхьэхъ кьызэрыхингъэтар.

■1972 гъэм Сапоро (Японие) кьыщызэIуахащ XI ЩIымахуэ Олимп Джэгуэр.

■2005 гъэм КитаймкъыщыдагъэкIауэ щытащ дунейм щынэхъ лъапIэ дыдэ газетыр. Ар дыщэ тхьытыкIэ-кIэ традзат, зы экземплярым доллар миниий и уасэт. Нэхъапэм апхуэдэ зэи кьэхъуатэкъымиу, ар Гиннесс и тхьилъ цIэрыIуэм ираттахэу щытащ.

■1919 гъэм Белоруссием и яп конституцэр кьащтащ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. ЩIыпIэ махуэм градус 13 - 9, жэщым градус 13 - 10 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырыр **ЖЫЛАСЭМЫХЬУ** *Марием.*

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Гъэшыр зыщыбэм цIыхур щыбейщ.

КъБР-м и Оперативнэ штабым къет

Оперативнэ щытыкIэр зэтес хьужауэ икIи цIыхухэм я гъащIэмрэ узыншагъэмрэ щынагъуэ кьытемыхьну кьызэралъытам кьыхэкIыу Урысеим и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м и Iэтащхьэ генералмайор Кменный С. Л. КъБР-м щыщ Бахьсэн кьаалэм и щIыналъэм кьриубыдэу 2014 гъэм щышылэм и 31-м сыхьэти 8-рэ дакьикъэ 30-м щегъэжьауэ террорым пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэхэр щрагъэжьауэ щагъэувар щхьэщихьжащ щышылэм и 31-м сыхьэт 16-м щегъэжьауэ.

Щэнхабзэмрэ гъэзэджэмрэ гулъытэ щагъуэтым мыхъумыщIагъэр щымащIэщ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Республикэм и щэнхабзэм зиужьыныкIэ мыхьэнэшхэр иIащ КъБР-м и Iэтащхьэм «Театр гъэзэджэм екъэлIауэ Къэбэрдей-Балькъэрым и Iэтащхьэм игъэув грантхэр», «Литературэмрэ гъэзэджэмкIэ Къэбэрдей-Балькъэрым и Къэрал саугъэтым теухуа» и Унафэхэр гъэзэщIа зэрыкъуфам. Муниципальнэ Iэухэщ1апIэхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуеным, щIыхухэр щэнхабзэ, гъэзэджэ лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэм нэхъ пэгъунэгъу щIыным, самодеятельнэ щIыхубэ творчествэм я фIыпIэхэм зегъэужьыным ильэс кIуам гульытэ хъарзынэ игъуэташ. Республикэм и къалащхьэм и мызакъуэу, районхэм, жъуажэхэм щекIуэкIащ зэхьэзэхуэ зэхуэмыдзэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, абыхэм щылажьэ къэфакIуэ, уэрэджьакIуэ гупхэр дунейпсо, урысейпсо, щыналъэ фестивалхэм жьыдэру хэтащ.

Къыхэбгъэщэ, музейхэми я1эщ екъулIеныгъэхэр. 2013 гъэм кьриубидэу абыхэм ирагъэкIуэкIащ гъэлъэгъуэныгъэ 173-рэ (ар 2012 гъэм елыгтауэ зэIущIэ 19-кIэ нэхъыбэщ). Я пщэрылъхэм пэльэщащ республикэм и библиотекэхэри: абыхэм екIуэлIащ щIэдзыкIакIуэ мин 269-рэ, тхыльу абыхэм иратам и бжыгъэр 5257,7-рэ мэхъу.

Щэнхабзэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэр гъэхьэзырыным, сабийхэм художественнэ щIэныгъэ етыным екъэлIа лэжьыгъэ мымащIэу ирагъэкIуэкIащ, зэчий зыбгъэдэль ныбжьыщIэхэр къэгъэнэIуэнми гульытэ хуащIащ.

Щэнхабзэмкlэ министрым щIиуфакьым зи кьалэным пэмыльэщ Iуэхущ1апIэхэри. Дызытехьа ильэсым абыхэм я ныкъусаныгъэхэр ямыгъэзэкIуэжмэ, гупсэхуу я Iуэхум эхпльэн, унафэ тKIий тещыхьым зэрыхуейр жиIащ. «2014 гъэр Щэнхабзэм и ильэсу ягъэуващи, ди Iэнатlэм мыльку нэхъыбэIуэ хухахьилхэщ. Iэщэ ялытьку ныбжьыщIэхэр уэрамхэм кьыдэмыхьэн, ахэр Iуэху флейхэм пэIэщIэ тщIын папщIэ щIэблэр гъэсэным хуэфащэ мыльку хуэхтахмэ мынэхъыфIу пIэрэт?!» - жиIащ Фырэ Руслан.

Зи пашэ Iуэхущ1апIэхэм я лэжьыгъэм, кьапэщыт кьалэнхэм ильэс кIуам зэрыпэльэщам, яхуэзэфIэныкIакъэмрэ абыкIэ лъэпощхьэпо хъуамрэ, зыужьныгъэм и хэкIыпIэу кьалытэмрэ абы папщIэ республикэм и кьулыкъущIэхэм зэращыгугъымрэ, нэгъуэщI-хэми я гугъу яшIу зэIущIэм кьыщыпсэльащ Мэлбахьуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм и унафэщI **Ёмуэ Анатолэ**, Щэнхабзэмкlэ фондым, Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и щIыналъэ кьудамэм я тхьэмадэ **Вэрокуэ Владимир**, Прохладнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ, щэнхабзэмкIэ, социальнэ политикэмрэ спортымкIэ кьудамэм и унафэщI **Лутов Олег**, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и унафэщI **Николаевэ ФатIимэ**, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм егъэджэныгъэмкIэ и щIэныгъэ-методикэ центрым и нэхъыщхьэ **Бэрбэч Бесльан**.

Щэнхабзэмкlэ министерствэм и коллегием зэIущIэм и кIэухым нубзыхуащ1 яIэжьым хуейхэм ятещIыхьа унафэм и проектыр. Iыхьийуэ зэхэт унафэр хуэгъэзащ1 езы министерствэм, творческэ зэгухьэныгъэхэм, район, кьалэ администрацэхэмрэ абыхэм щэнхабзэмкIэ я кьудамэхэмрэ, КъБР-м и театрхэм, КъБР-м и Лъэпкъ музеймрэ Сурэтыщ1 гъуэзджэмкIэ музеймрэ, Лъэпкъ библиотекэм. Псальэм папщIэ, театрхэм гулыытэ хэха хуащIын хуейщ я репертуарым, я лэжьыгъэхэр щыналъэ нэхъыбэм зэрыщагъэлъэгъуэнуми яужь итыпхъэщ; район музейхэм компьютер зэрагъэпэщу Интернет сайтым зыпащIэныр иджырей зэманым Iэмалыншэу кьигъэув Iуэхущ; кьэрал, муниципальнэ щэнхабзэ Iуэхущ1апIэхэм щылажьэхэм я улахуэм хэгъэхьуэн хуейщ, нэгъуэщIхэри. Зэ1уцIэм кьрихьэлIахэм абыхэм халъхьэн щыIу кьальытэмэ, министрым махуэу зыгIуцI яритащ тхауэ Iуэхущ1апIэм Iэрагъэхьэну.

Иджыри зы Iуэху гуапэм кьытеувыIащ Фырэ Руслан - «Кьалэ Щэнхабзэ унэ нэхъыфI», «Кьуажэ Щэнхабзэ унэ нэхъыфI» республикэ зэпеуэхэм кьриIуэхэм ятещIыхьауэ Iуэхущ1апIэ зыбжанэ кьыщэрыхагъэщхьэхуэкIам. Абыхэм яхэтщ ахьшэ саугъэту сом мини 100 зратхэр, абыхэ зэрыщIэ гъыныжьIэ зыхуэунэхэр, макъыр ину зыгъэIу Iэмэпсымэ тыгъэ зыхуащIахэр. Зи лэжьыгъэр щапхъэу кьалытэу ягъэлъапIэ клуб лэжьакIуэхэмэ я щIэ кьрIыIащ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтхэр **Елькъан Артур** *трихащ.*

● Къэрал Iуэхущ1апIэхэм

Гектар мини 194,7-м щрагъэкIуэкIынущ

КъБР-м Мэз хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым и коллегием и зэIущIэм кьыхэрыщыхагъэщамкIэ, пуужьрей ильэсипщIым лъэныкъуэ псори кьызэщIиубыдэу мэзхэм я щытыкIэр ди республикэм и щыналъэм щызэхуэгъэкIуакъым. Иджы а лэжьыгъэр гектар мини 194,7-м щрагъэкIуэкIыну кьапэщытщ.

КъЭБЭРДЕЙ-Балькъэрым и вице-премьерым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд зэрыжиIамкIэ, республикэм и властымрэ Хьэрщымкlэ федеральнэ агентствомрэ зэращылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, мэзубзыху лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIын папщIэ, аэрокосмос Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр кьагъэсэбэпурэ, мэз гъэтIылыыгъэ- хэр зыхуэдэмрэ абыхэм я щытыкIэмрэ кьапщытэ хьунущ.

ШАКЪ Заринэ.

● Зи чэзу Iуэхум теухуауэ

Сабийхэм - сабий садхэр

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым кьыхилъхьа «Сабийхэм - сабий садхэр» проектым ипкъ иткIэ, щIыналъэ икIи федеральнэ мыхьэнэ зиIэ зэIущIэ щхьэпэ иджыблагъэ Налшык щекIуэкIащ.

МОСКВА эфир занщIэкIэ кьратыкI видеоконференцым зыкъраГъэхьэлIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и кьуэдзэ **Саенкэ Татьянэ**, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и кьуэдзэ **Абазэ Барэсбий**, «Урысей зэкъуэт» политикэ партмкIэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щыналъэ кьудамэм и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI **Канунниковэ Татьянэ**, 34-нэ прогимназием и директор **Иуан Галинэ** сымэ.

Конференцыр езыгъэжьэнар «Сабийхэм - сабий садхэр» проектым екъэлIа Iуэхуэхэр зэкIэлъызыгъакIуэ, Къэрал Думэм и депутат Аршиновэ Алёнщ.

- 2014 гъэми пищэнщ сабий садхэм ятеухуауэ кьыхэтлъхьа зэхьуэкIыныгъэхэр, - жиIащ Аршиновэм, - 2016 гъэм ирихьэлIэу ди мурадщ сабий Iыгъыпlэхэм я Iуэхуэкlэ адэ-анэхэм гукъеуэ едмытыну, ильэсищым щегъэжьауэ ильэсибл ныбжьым кьурибыдэ дэтхэнэ щIыкIури чэзум пэмыльэу садым кIуэну Iэмал кьыхуэзэдгъэпэщIыну. КьыхэгъэщIупхъэщ ильэсищ иримыкьуа щIыдухэр зэкIуалIэ сабий Iыгъыпlэхэри зэрызэхэзыдмыщIыжьыным дыз1эрыхуэщIэкъуэр.

Аршиновэм дыщигъэгъуэзащ кьэралым эксперт совет кьызэрыщызэрагъэпэщIынуми. Абы хагъэхьэныр Парламентхэм я депутатхэмрэ сабий садхэм я лэжьыгъэм фIыуэ щыгъуазэ Iэщ1агъэлIэжьмэ?. Апхуэдэу, депутатым щIыналъэхэм я эксперт нэхъыфIхэр кьыхуриджащ кьаIэта Iуэхум теухуа я чэнджэщхэр, щытыкIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа жэрдэмхэр кьыхалхьэну.

Аршиновэм жиIащ Къэбэрдей-Балькъэрым щылажьэ сабий садхэр нэхъыбэ щIыным сом мелард ныкъуэм щIыгъу зэрыхухахар, апхуэдэуи программэр зытещIыхьа ильэситIым кьриубыдэу а лэжьыгъэр щIэгъэпсынщIэн зэрыхуейр.

- Нужьрей ильэситщIым ди республикэм зы сабий сад щахуэкъым икIи тхуэха ахьшэр а Iуэхум тедгъэкIуэдэн хуейуэ унафэр кьащтащ. Иджыпсту ди республикэр хуэныкъуэщ сабий тIысыпIэу минитIр ныкъуэм зэс. КьыткхуаутIыпща мыльку кIэ ди мурадщ сабий сади 6 духуэну, кьыщынэмыщIауэ, Бабугент кьыщрагъэжьар нэдгъэсэжьну, - жиIащ Абазэ Барэсбий. - Ди кьралым и Iуэхум сом мелард 80 щыхухахьнущ.

ТАБЫЩ Динарэ.

● Телелъэмыж

ДощIэж, фIыщIэ яхудощI

Ленинград советыдзэхэм щхьэхуит кьызэращIыжрэ ильэс 70 щрикъум ирихьэлIу ирагъэжьжI зэIущIэхэм ящыщу КъБР-м Хьыбарегъащ1э Iуэхущ1апIэхэм, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм и жэрдэмкIэ Санкт-Петербург - Ярославль - Челябинск-Налшык зэпыщIащ1э телелъэмыж кьызэрагъэпэщащ.

ЗэIущIэм кьрихьэлIащ КъБР-м хьыбарегъащ1э Iуэхущ1апIэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Къумахуэ Мухьэдин**, КъБР-м зауэм, лэжьыгъэм, Iэщ1кIэ Зэщ1эуэзэдэ Кьаруэм, хабзэхьуэмэ Iуэхущ1апIэхэм я ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIым и кьуэдзэ **Молаев Шарафутдин**, Ленинград хуит кьэзыщIыжакъым ихэта **Булгаков Иван**, Афганистаным щекIуэкIа зауэм хэтахэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Тхьэгъэлэдж Тимур**, школакIуэ щыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщ1кIэ Зэщ1эуэзэдэ Кьаруэм, хабзэхьуэмэ Iуэхущ1апIэхэм я ветеранхэм я зэгухьэныгъэу Санкт-Петербург щыIэм и тхьэмадэ генерал-майор **Вологуев Василий**, текIуэныгъэр кьэзыгъэлIэгъа псоми хьуэхьу псальэкIэ захуигъэзащ.

- Дэ зэи дигу ихужьныкъым щыишIа мазэм кьытхуихьа текIуэныгъэр. Щхьэщэ яхудощI зэуахэми ди я щыIб кьыдэту зыкьытIущIэзыгъэхьаэми. Фыщ1эшхуэ яхуэфащэщ Ленинград хуит щIыжьным хэта щIыналъэ псоми. Кьыхэзмыгъэщу схуэзэфIэкIынукъым ди щIыхуэхэр, псом хуэмыдэу сабийхэр, езыгъэблагъэуэрэ зи уэн щIызыпIахэр, езыхэм яшхым хуэдэ ирагъэшхыу а зэман Iейм кьыткъуэувахэр. Бий бзаджэм дыз1эрытекIуэр кьудкIэ фэращ зи фIыгъэр, ди кьалэм дэс псомя и цIэкIэ иджыри зэ фIыщIэшхуэ фхуэощ, - жиIащ и псальэхэм я яIэуэкIу Вологуевым.

Телелъэмыжым хэтхэм фIэхъус псальэкIэ захуигъэза иужь, КъБР-м и Iэтащхьэм, и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм, республикэм исхэм кьабгъэдэжIыу Къумахуэ Мухьэдин ехьуэхьуащ я кьару емыблэжу зауэ Iэнатlэ гуащIэм Iутахэм, хуитныкъым щIэбэнэ нэхъыжьхэм. «Дэ тхыдэр фIыуэ дощI, фи лIыхьужьыгъэм дропагэ», - жиIащ Мухьэдин.

КъБР-м и Ветеранхэм я советым и президиумым хэт **Къущхьэ Мухьэжид** кьыщыпсальэм жиIащ:

- Бийр Ленинград щебгъэрыкIуэм, КъБР-м и комсомолхэм Ленинград и комсомол организацэм хьыбар ирагъэщIат я зэфIэкI зэремыблэжьныжьI. Ленинград щекIуэкIа зауэм гъащIэу здихьар куэд хьуми, а гъэзэгъэгъэшхуэм лъэпкъэр нэхъри зэкъуигъэувэри, я щхьэр мафIэм кьыхахьыжьхуэ зэхуэфIэкIащ. КъБР-м исхэм мызэ-мытIэу щыгъыпI хуабэ, ерыскъыхэкIэр зэхуахьэсурэ, лъыгъажэшхуэм хэт щIалэхэм хурагъэшар пэжщ. Цыху кьызэрыгуэкIэхэм я лIыхьужьыгъэм и щIыхьэт нэсщ ди текIуэныгъэр.

Зауэ гущIэгъунщэм благъэ зэхуищIа кьалэхэм я лIыкIуэхэр зэпэсалъащ, нэхъыжьхэр я гукъэкIыжьхэмкIэ зэдгъэгушащ, мы зэIущIэр екIуэкIыху.

Апхуэдэуи зэIущIэм щыжиIащ Къэбэрдей-Балькъэрым кьыбгъэдэкIыжу жыгеищIэ 70 Санкт-Петербург гъатхэм ирагъэщну зэрамурадыр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтхэр **Кьарей Элинэ** *трихащ.*

● Егъэджэныгъэ

Илъэс 90 гъэзэуанэ

Бахьсэн дэт «Агро» мэкъумэщ колледжыр илъэс 90 зэрикъуфам теухуа пщыхь екIуэкIащ иджыблагъэ. КьрихьэлIахэм ар щIэщыгъуэ икIи гукъинэж ящыхьуащ, еджапIэм и тхыдэр уи нэгу кьыщIэзыгъэхьэж, нобэ абы щекIуэкI лэжьыгъэм щыгъуазэ узыщI теплъэгъуэ хьэлэмэтхэр утыку кьызэрыраухьм, уэрэдхэмэр кьафэ бахэхэмкIэ гъэщIагъэ зэрыщытам кьыхэкIыж.

ЕДЖАПIЭМ и цIэр мызэ-мытIэу ихъуэжащ. МеханизацэмкIэ еджапIэу кьежьэрэр, зэманым зыдиужьащ, иужькIэ колледж цIэр игъэтащ. Ауэ, нэхъыщхьэраща, сыт хуэдэ зэманми мы Iуэхущ1апIэр хэкIуэжауэ Iэщ1агъэлI нэсхэр гъэхьэзырыным. Бахьсэн псыхъуэм кьыщыгъуэтыгъуейщ зи сабий мы колледжым щемыджа унагъуэ.

Мы еджапIэр кьэзыдухахэр екIуэлIэныгъэхэр яIэу я Iэнатlэм пэрытщ, я щIэныгъэм адэкIэ хэзыгъэхъуахэри машIэкъым. ЕгъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ яку дэль зэхущытыкIэ дахэм я лэжьыгъэр ирегъэфIакIуэ, Iуэхуфl куэд кьадохьу. Колледжым и студентхэм зыщIэжу зыльыгъуэ зэпеуэ зэхуэмыдэхэм, псальэм папщIэ, «Дэ дыз1эргъуэщ» урысейпсо щIалэгъуалэ фестивалым ильэс зыбжанэ хьуауэ хэтщ ахэр, ди щIыналъэм и цIэр фIыкIэ я1эгъуу.

Илъэситху хьуауэ колледжым и унафэщI гумызагъэ Къуэщыбокъуэ Хьэжмагуэ и жыIэм щIэту жиIащ зи Iэщ1агъэм хуэIэижь егъэджакIуэхэр. Абыхэм ящыщу категорие нэхъыщхьэ яIэщ 24-м, яп категорие 2-м. КьыхэзгъэщIапхъэщ Социалист Лэжькьыгъэм и ЛIыхьужь цIэр зысуатъэфащ1э Бгъэжокъуэ Хьэчим, Хьэжкэт Хьэсэн, Щауэ Iэхьед, Емыш Хьэлий сымэ кьаухар мы колледжырауэ зэрыщытыр.

Иджыпсту колледжыр кьызыхуэтыншэу кьызэгъэпэщащ егъэджакIуэфIхэмкIэ, лъэщапIэ, лабораторэ, актовэ, спорт зал, щхапIэ зэпэщхэр, библиотекэ кьулей иIэщ. IэщIэжьпIэмэ, студентхэм я щIэныгъэм хагъэхьэуну я мурадмэ, зыхуей псомкIи кьызэгъэпэщащ.

Ди гуапэщ дяпэкIи еджапIэм Iэщ1агъэлI нэсхэмкIэ дигъэгуфIэну,ефIакIуэ зэпыту кьэгъэузгурыкIуэну.

ШУРДЫМ Динэ.

● Тхылъыщ1э

Дыгъужь Къурмэн и лъэужь дахэ



Щэрджэс тхакIуэ, усакIуэ пажэхэм ящыщ Дыгъужь Къурмэн кьигъэщIар машIэщ (1941 - 1983), ауэ адыгэ литературэм хэльхьэныгъэфI хуэхьуэ тхыгъэхэр кьызэринэкIащ. Къурмэн 1956 гъэм кьуажэ еджапIэм классибл кьыщеухри, Iэщыхьуэу губгъуэм йохьэ. 1958 гъэм ныбжьыщIэр колхоз праволенэм и жэрдэмкIэ Черкесск кьалэм ухуэныгъэмкIэ дэт училищэм еджакIуэ ягъакIуэ. Къурмэн, училищэр кьиуха нэужь, кьуажэм кьегъэзэжри, блын зэтрилъхьэу, штукатур ящу мэлажьэ. НыбжьыщIэм и гур щIэныгъэм етати, зэрылажьэм хуэдэурэ, гъунэгъу кьуажэм кIэуэрэ, епщIанэ классыр кьеух.

СОВЕТ Армэм ираджэри, 1960 - 1963 гъэхэм Тырку гъунапкъэм дежь дэз кьулыкъур щрехьэкI. Я зэманым абы кьыщыдэкIыу щыта «На рубежах Родины» газетым абы и корреспондент мэхъу, и яп усэхэри кьытрадзэ.

Армэ нэужьым Дыгъужьым кьегъэзэж щалъуа Хьумэрэныжь кьуажэм икIи Iэхъуэ башыр кьещтэж.

Тхэным и кьащIэгъэныгъуэ зэфIэкIым гулъытэри, областым и тхакIуэ организацэм Къурмэн 1965 гъэм еджакIуэ егъакIуэ Москва дэт Литературэ институтым. ТхакIуэ щIалэм литературэм и щхэхуэм щыгъуазэ зещI урыс тхакIуэшхуэ Смирнов С. В. и семинарым хэту. Институтым щекIуэкI жылагъуэ Iуэхугъуэхэм жыджэру зэрыкъуэтыр кьалытэри, адыгэ щIалэр абы патым щыхагъахьэ, курсым и старостэуи хах.

Институт нэужьым Къурмэн Iэнатlэ зэхуэмыдэхэм пэрытащ: «Ленин нур» газетым, радиом, тхыльымащIэм, химзаводым щыIэжащ. Сыт хуэдэ Iэнатlэ пэрымытами, абы и гур, и псэр нэхъ зыхуэзIэхуауэ щытар литературэрт.

Дыгъужьым псэу щIыкIи, дунейм ехьжа нэужьи и тхыль зыбжанэ дунейм кьытехьащ: адыгэбзэкIэ Черкесск кьыщыдэкIащ «Псыжь и тольсыпхэр» (1968), «Кьрухэр» (1970), «Ди гуэлхэр» (1974), «Тхьэрыкъуэхэм я кьафэ» (1989), «Гъатхэ бзуэхэр» (1993) уэ зэхыльхэр. И прозэм щыщу кьыдэкIащ: «Техьэпщ1э» повестыр (1976), «Бжьыхьэ псыдзэ» романыр (1983).

1973 гъэм Москва «Советская Россия» тхыль тедзапIэм урысбзэкIэ кьыщыдэкIащ «Журавли» уэ зэхыльыр. Апхуэдэуи Дыгъужьым и тхыгъэхэр ди къуралым щыпсэу лъэпкъ зыбжанэм я бзэхэмкIэ зэрадзэкIащ, и псальэхэр щIэльу уэрэдхэр яусащ. Дыгъужь Къурмэн и тхыгъэ нэхъыфIхэм хабжэ Октябрь революцэ нэужьым адыгэ кьуажэхэм я псэукIам тепсэльыхьыж, адыгэ тхыщIэм нэхъ тегъэщIа «Щ1ымахуэ лэгъупыкъу» романыр. Езыр дунейм темытыжми, и Iэдакъэщ1экIэр нобэрей тхыльеджэм зэрыфIэгъэщIэгъуэныр кьальытэри, романыр щIэрыщIэу кьыщыдагъэкIыжащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и къэрал тхыль тедзапIэм.

Ар и щыхьэтщ тхакIуэм и Iэрыкlэхэр лъэужьыншэ зэрымыхъуам.

АБЗУАН Щ1ымахуэ.

● Самбэ

Спортсмен цIэрыIуэхэр я хьэщIэщ

Дуней псом самбэмкIэ и чемпион Унэшхуэлl Асльэн «Зэкъуэтыныгъэ» клубым мастер-класс щитащ. Абы и ужькIэ ныбжьыщIэхэм ираташ грант мылькумкIэ кьащIэхуа спорт хэхпышпхэр.

ПщIэ зиIэ спортсменхэм щыIыгъуу апхуэдэ зыгъэсэныгъэхэр республикэм нэхъ зыщыдзыубгъуа спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ ирагъэкIуэкIынущ.

ГЪЭУНЭ Светланэ.

● Хъыбар гуапэ

Лэгъупыкъур уэгум къивгъэхьэж

Москва кьыщыдэкI «Журналист» журналым кьыпщытэжащ а Iэщ1агъэм ирилажьэ ныбжьыщIэхэм я клубым иригъэкIуэкIа «Вагъуэщ1э-2013» зэхьэзэхуэм кьрикIуахэр. Абы щытекIуахэм ящыщщ ди хэкуэгъу журналист-фрилансер Аванесовэ Каринэ.

АБы и «Иужьрей хъуэхъу» ар Интернетым кьыщыбгъуэтынущ: http://journalist-virt.ru/archive/2013/04/document1380.phtml, «Лэгъупыкъур уэгум къивгъэхьэж (http://journalistvirt.ru/archive/2013/10/document2144.phtml) лэжьыгъэхэр кьэпщытакIуэ гупым хэтхэм фIы дыдэу кьехьэлIаяэ кьалытащ.

ТекIуэныгъэ мазаем и 28-м Журналистхэм я унэм щагъэльэпIэнущ, иужькIи ахэр урысей прессэм и псапащ1э бал ильэс кьэс кьызэрагъэпэщыж хэтынущ.

Фигу кьэздгъэкIыжьащ, Каринэ мыр и ещанэ текIуэныгъэщ. 2012 гъэм ар я лауреат хъуащ Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкIа зэпеуитIым - «Вагъуэщ1э-2012» («Си Кавказ «фIыщ1э» лэжьыгъэмкIэ), «Гуттенберг и щIэблэр» («Дуней мыхъумыщIэм щытч лъэбакъуэ пэжхэр»). Аванесовэ Каринэ щIыхь тхыльхэмрэ саугъэт льапIэхэмрэ кьратащ, Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и Х съездым, урысей прессэм и балым хэтащ.

КъБР-м Щ1ыхуб хъыбарегъащ1э Iуэхущ1апIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм и пресс-Iэнатlэ.

● Атлетикэ хьэлъэ

Мэжджыхьыр республикэм щытокIуэ



КъБР-м и атлетикэ хьэлъэмкIэ чемпионат Тырныауэ дэт «Геолог» спорт комплексым щекIуэкIащ.

ЗЕИКЪУЭ кьуажэм и щыхьэр зыхьума Мэжджыхь Эдуард иджы япэу хэтащ килограмми 105-м щIигъу зи хьэльагъэ я зэпеуэм. Зэманышхуэ тримыгъэкIуадэу абы тIэу бгъэдыхьэгъуэм килограмм 370-рэ кьиIэтри бжьыпэр иубыдащ.

Килограмм 94-рэ зи хьэльагъхэм я деж щытекIуащ Тырныауэ кьалэм щыщ Саракаев Расул. Рывокымрэ толчокымрэ зэхэту килограмм 330-м ар пэльэщащ.

Я хьэльагъ ельытауэ зыхэтэ гупхэм апхуэдэуи щытекIуащ Тэмазэ Мурат, Чирвинский Ростислав (Тырныауэ), Хьэмырзэ Мухьэмэд, Абэнокъуэ Астемыр (Исльэмей), Настуев Юсуп (Налшык) сымэ.

Республикэм и чемпионэр я гъэсэнщ тренерхэу Хьэфыщ1э Мухьэмэд, Маккаев Махьты, Этезов Вадим, Дахкильгов Чингиз, Хьэмырзэ Аскэрбий, Настуев Хьэжмурат, Ахьмэт Заур сымэ.

Зэхьэзэхуэм кьрикIуахэм ящыкIи иткIэ КИФЩI-м и чемпионатым республикэм и щIыхьыр щызыхьумэну КъБР-м и командэ кьызэхэар яубзыхуащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● МЧС-м къет

Гъуэгухэм фыщысакъ!

КъызэрымыкIуэ щытыкIэхэр кьызыхэкI щхьэусыгъуэхэм кIэльыплъ щIыналъэ центрым кьызэриты кIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм махуэ гъуэгуфIэхэм уэсышхуэ кьыщесынкIэ хьунущ. Абы кьыхэкIыу хьэщIхьэтеуэмрэ Iумылымрэ гъуэгуфIэм я щытыкIэр зэIагъэхьэнущ.

ФЕДЕРАЛЬНЭ, щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ гъуэгухэм я щIыпIэ щхьэхуэхэм транспортыр щызэтрихьэнкIэ хьунущ, апхуэдэу нэхъ гугъу хьунущ связыр кьызэзыгъэпэщхэм, электрокъарур кьэзыгъуэтыпщхэм я лэжьыгъэр.

Урысейм и МЧС-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэ и Управленэ нэхъыщхьэм автомашинэхэр зезыгъакIуэхэм хьыбар ирегъащIэ хэхэу гульытэ яхэлъу икIи сакъын зэрыхуейрамкIэ. Абыхэм зыщагъэгъупщэн хуейкъым щIымахуэм нэхъ еэзгъ щэрхьэр щIэмылъу транспортыр кьэбгъэсэбэп зэрымыхьунур, апхуэдэу гъуэгум зэрыщIэзекIуэ хабзэхэр, зэи хуэмыдэу, тKIийуэ зэрыгъэзэщIапхъэр.

Лъэсхэми щынагъуэншагъэмкIэ хабзэхэр текI имыIэу ягъэзэщIэн хуейщ. Гъуэгухэм фыщызэпрыкIкIэ фысакъ, апхуэдэу фымыщIэнтхъуэн папщIэ кьезэгъ бакъэхэр лъыфIагъэ. Зи ныбжь хэкIуэтахэм зыщIагъэкъуэн баш тэмэмхэр яIыгъэмэ, зэран хьунукъым. Фыщ1эптхъуамэ, фыщыджалэкIэ зэрызыгъэщхьыным фыхуущIэкъу, сабийхэри уэрамым зэрыдзт зэманыр, Iэмал зэрпIэкIэ, връэмащIэ.

Фэбжь гуэрхэр кьхъуаамэ, 01, 112 телефонкэмкIэ фыпсалъэ.

МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● «Адыгэ псалъэ» газетыр илъэс 90 ирокъу

«Къэбэрдей пэжым» зеужь

**Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэми ар ауха нужькIи «Къэбэрдей пэж» газетым и гулытэр, кIанэ щымыIэу, зыхуэгъэзауэ щытар республикэм и щIыпIэ зэмылIэужьыигъэхэм щекIуэкI губгъэ лэжьыигъэхэщ, промышленностым егъэщIылIа гуэрхэри кIыхьхуэу. Ар кIыхьыхэкIри гурыIуэгъуэт: Къэбэрдейм и гъащIэм хэгъэдыкIат литературэри, щэнхабзэри, гъазджэри, спортри, щIыхуэм и къэухьым зезыгъэужь, дрэжэгъуэ кIезыт псори. ТхакIуэхэр, усакIуэхэр, артистхэр фронтым кIыхьжат зыкъыз. къэзыгъэзэжахэри мамыр нэсукIэм тэмэму хэзэгъэжатэжым. Нэмыцэ зэрыихьуакIуэхэм зэхакъутахэр нэхъ псынщIэу зэфIэгъэувэжыныр псори зытещIыхьар.

ПСАЛЪЭМ и хьэтыркIэ, 1945 гъэм фокIадэм и 2-м дунейм кIытехьа номерри апхуэдизкIэ щеубыд «СССР-м и народнэ хозяйствэр зэфIэгъэувэжыныныр» абы хэгъэхъуэныкIэ ильэситху планым». «Къэбэрдей пэжым» дыкъыщоджэ: «ВКП (б)-м и ЦК-мрэ СССР-м и Совнаркомымрэ щIыхубэ СССР-м и Госпланым и пщэ иральныхьщ наркомат хэмрэ союзнэ республикэхэмрэ щIыгъуу ильэситху планыщIэр - Советскэ Союзым и народнэ хозяйствэмрэ гъуэгI гъуэгу транспортымрэ зэфIэгъэувэжыныкIэ, абыхъэм хэгъэхъуэныкIэ 1946 - 1950 гъэхэм я планыр иугъэхъэми, Зэрытлъагъуэри, ильэситху планыр иджыри къащтакъым, арщхьэкIэ «Правда» газетым щыщхьэуIум и 30-м къытридза пэрыт тхыгъэм щIыхухэр хуэзщIегъэуIуэ ар гъэзэщIэным.

Газетым и яп э напэкIуэцым тридзащ «Международнэ зауэ трибуналым и судым япэу иратыну щIыхухэр зэрыт спискэм зауэмкIэ къуанщагъэ зыбгъэдэлъ щIыхухэр иратхаэм я сведение кIэщIхэр». Дэ иджы мыIейуэ дыщыатаузэщ Геринг Герман, Гесс Рудольф, фон Риббентроп Иоахим, Кейтель Вильгельм, Кальтенбруннер Эрнст, ЕтIуанэ дунейпсо зауэр зэхэублэным Гитлер тезыгъэгушхуэ икIи абы и блигуцIэт гъунэгъу дыдэу щита нэгъэщIэ куэдым ялъэжьа зэхьэкIэхъуэкIагъэхэми, абыхъэм я гъащIэр зэрауасами. АрщхьэкIэ а зэманым Нюрнберг щекIуэкIыну тринуналыр къызэрагъэпэща Къудейр ильэситкIи «Къэбэрдей пэж» газетым и гулытэр, кIанэ щымыIэу, зыхуэгъэзауэ щытар республикэм и щIыпIэ зэмылIэужьыигъэхэм щекIуэкI губгъэ лэжьыигъэхэщ, промышленностым егъэщIылIа гуэрхэри кIыхьхуэу. Ар кIыхьыхэкIри гурыIуэгъуэт: Къэбэрдейм и гъащIэм хэгъэдыкIат литературэри, щэнхабзэри, гъазджэри, спортри, щIыхуэм и къэухьым зезыгъэужь, дрэжэгъуэ кIезыт псори. ТхакIуэхэр, усакIуэхэр, артистхэр фронтым кIыхьжат зыкъыз. къэзыгъэзэжахэри мамыр нэсукIэм тэмэму хэзэгъэжатэжым. Нэмыцэ зэрыихьуакIуэхэм зэхакъутахэр нэхъ псынщIэу зэфIэгъэувэжыныр псори зытещIыхьар.

Газетым и яп э напэкIуэцым тридзащ «Международнэ зауэ трибуналым и судым япэу иратыну щIыхухэр зэрыт спискэм зауэмкIэ къуанщагъэ зыбгъэдэлъ щIыхухэр». Дэ иджы мыIейуэ дыщыатаузэщ Геринг Герман, Гесс Рудольф, фон Риббентроп Иоахим, Кейтель Вильгельм, Кальтенбруннер Эрнст, ЕтIуанэ дунейпсо зауэр зэхэублэным Гитлер тезыгъэгушхуэ икIи абы и блигуцIэт гъунэгъу дыдэу щита нэгъэщIэ куэдым ялъэжьа зэхьэкIэхъуэкIагъэхэми, абыхъэм я гъащIэр зэрауасами. АрщхьэкIэ а зэманым Нюрнберг щекIуэкIыну тринуналыр къызэрагъэпэща Къудейр ильэситкIи «Къэбэрдей пэж» газетым и гулытэр, кIанэ щымыIэу, зыхуэгъэзауэ щытар республикэм и щIыпIэ зэмылIэужьыигъэхэм щекIуэкI губгъэ лэжьыигъэхэщ, промышленностым егъэщIылIа гуэрхэри кIыхьхуэу. Ар кIыхьыхэкIри гурыIуэгъуэт: Къэбэрдейм и гъащIэм хэгъэдыкIат литературэри, щэнхабзэри, гъазджэри, спортри, щIыхуэм и къэухьым зезыгъэужь, дрэжэгъуэ кIезыт псори. ТхакIуэхэр, усакIуэхэр, артистхэр фронтым кIыхьжат зыкъыз. къэзыгъэзэжахэри мамыр нэсукIэм тэмэму хэзэгъэжатэжым. Нэмыцэ зэрыихьуакIуэхэм зэхакъутахэр нэхъ псынщIэу зэфIэгъэувэжыныр псори зытещIыхьар.

ПСАЛЪЭМ и хьэтыркIэ, 1945 гъэм фокIадэм и 2-м дунейм кIытехьа номерри апхуэдизкIэ щеубыд «СССР-м и народнэ хозяйствэр зэфIэгъэувэжыныныр» абы хэгъэхъуэныкIэ ильэситху планым». «Къэбэрдей пэжым» дыкъыщоджэ: «ВКП (б)-м и ЦК-мрэ СССР-м и Совнаркомымрэ щIыхубэ СССР-м и Госпланым и пщэ иральныхьщ наркоматхэмрэ союзнэ республикэхэмрэ щIыгъуу ильэситху планыщIэр - Советскэ Союзым и народнэ хозяйствэмрэ гъуэгI гъуэгу транспортымрэ зэфIэгъэувэжыныныкIэ, абыхъэм хэгъэхъуэныкIэ 1946 - 1950 гъэхэм я планыр иугъэхъэми, Зэрытлъагъуэри, ильэситху планыр иджыри къащтакъым, арщхьэкIэ «Правда» газетым щыщхьэуIум и 30-м къытридза пэрыт тхыгъэм щIыхухэр хуэзщIегъэуIуэ ар гъэзэщIэным.

Газетым и яп э напэкIуэцым тридзащ «Международнэ зауэ трибуналым и судым япэу иратыну щIыхухэр зэрыт спискэм зауэмкIэ къуанщагъэ зыбгъэдэлъ щIыхухэр». Дэ иджы мыIейуэ дыщыатаузэщ Геринг Герман, Гесс Рудольф, фон Риббентроп Иоахим, Кейтель Вильгельм, Кальтенбруннер Эрнст, ЕтIуанэ дунейпсо зауэр зэхэублэным Гитлер тезыгъэгушхуэ икIи абы и блигуцIэт гъунэгъу дыдэу щита нэгъэщIэ куэдым ялъэжьа зэхьэкIэхъуэкIагъэхэми, абыхъэм я гъащIэр зэрауасами. АрщхьэкIэ а зэманым Нюрнберг щекIуэкIыну тринуналыр къызэрагъэпэща Къудейр Чэрим (зэрытетыр Кудаевщ) и Iэ зыщIэлъ унафэм къыщигъэлъэгъуатэкъым ахэр зыIуу гугъуехьхэр зэрыгъунапкъэнщэр. Хэбгъэзыхьмэ, зи щхьэгъусэр зауэм хэкIуэда фызабэр зы мыхьэнэшэ щхьэкIэ быным щхьэщагъу щагъэтIысщыIащ. Ауэ ар къыщыхъуар нэхъ иужькIыIуэкIэщ.

Мыри гу зылыпатпхъщ. А зэманым редакцэр транспорткIэ кьызэгъэпэщауэ щытакъым. Абы и лэжьакIуэхэм нэхъ тхыгъэ кIыхьыIуэ ягъэхъэзырынуми, къуажэхэм лъэсу е машинэтедзэкIэ кIуэн хуей хьурт. Я къалэнхэмэ мыIейуэ пэльэщыгт. Сыт хуэдэу щымытами, газетым тредзэхэм республикэм и щIыпIэ псори къызэщIауфыдэрт. Ахэр нэхъыбэу зыхуэзгъэзар, а зэманым щыIа газетыбзэкIэ жьыпIэмэ, «колхозхэхтэм драггэкIуэкI агитационнэ-массовэ лэжьыгъэр». Ар зыхуэдэр зи гугъу тщIы кьыдэкIыгъэм тхыгъэшхэкIэ щызэпкърех «Хь. Дударх» (къыдоцIыхуж а илъэсхэм редакцэм жыджэру щылэжьа икIи нужькIэ драматургэ щIэрыIуэ хьуа Дудар Хьэутий). Абы подджэжардымэ а номерым тридза «Агитационнэ-массовэ лэжьыгъэр щофIакIуэ» тхыгъэу Тэрч районым Кировым и цIэр зезыхьэу щыIэ колхозым къритхыкIари. ДрохьэлIэ «Хь.Хь.» (Хьэхьунащ Iэ Хьэжбэчыр) и «Гъущ гъуэгу гъжьакIуэхэм щапхъэфI къагъэльагъуэ» тхыгъэми. Газетым куэду тридзащ губгъуэ лэжьыгъэхэм - сэхуран къызэрырахьэлIэжым, хьэмхэм еужьэркIыну гуэдз зэрыращалIэм, и.кь. ятеуха хъыбархэри. «НIиб и лэжьыигъэ IэнатIэм хьэлэлу бгъэдэтщ» тхыгъэ щыкIым дыкъыщоджэ: «Нальчинкэ районым щыщу Германчик Молотовым и щIэкIэ щыIэ колхозым и 8-нэ бригадэм пыпхъуэ зэтелъхьэныкмкIэ зи ныбжь хэкIуэта Щыбзыкъуэхэ НIиб щапхъэ гъуэздзкъэр кьыгъэльэгъуащ. НIиб и ныбжьэгъу ЛыжьхъэI я дэж социалистическэ зэхьэзэхуэм щыщIигъэхуабжьэкIэрэ, августым и 15-м щыщIэдзауэ и 25-м нэсыху мэкIу пыпхъуэу 10 зэтралъхьащ. НIиб губгъуэ лэжьыгъэм зэрыщIидзэрэ и нормэр проценти 100 - 150-кIэ игъэзащIэурэ лэжьащ.

Хь. Бекъулхэ».

Дэ иджыпсту кьыдгурыIуэфынукъым мэкъу зэтелъхьэм хэтхэм нормэ зэрыуагъэуву щыта щIыкIэр. ИтIанэ сытыт «зи ныбжьыр хэкIуэтам» нормэ иIэн щIыхуейр?

ШАЛ Мухьэмэд,
«Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель.

Апхуэдэ фIэщыгъэ иIэу «Адыгэ псалъэ» газетым гъэ кIуам и гъатхэпэм и 5-м тетауэ щыташ Яхэгъауэ Берд и гукъэкIыжхэр. БгыцыкIущхьэмрэ Берд и тхыгъэмрэ сэри сызыхаша гукъэкIыжхэмкIэ саидзэгуэшэну сыхуейт фIыуэ сльагъу, анэдэлъхубзэкIэ кьыдэкI ди газет закьуэм и щIэджыкIакIуэхэм.

КЪЭХЪУН курыт школыр 1968 гъэм кьэзухри, а ильэс дыдэм сыщIэтIысхьащ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм. Е.Занэ курсым щIэс студентхэм общежитие кьыдататэкъыми, си анэшхуэ Хьуэст (Пщыгъуэтык) Баблинэ и дэльху ПатIушэ и деж сыщыIэрэ седжэрт. Ар и закьуэу псэурт, Щоджэнцыкку Алий и щIэр зезыхьэ Адыгэ театрым завхозу щылажьэрт. Хуабжьу цIыху губзыгъэт ПатIушэ, адыгэ хабзэр, тхыдэр фIыуэ ищIэу, ди лъэпкъым теухуа сыт хуэдэ Iуэхуми хуэнэжъуеиншэу фIыуэ ильагъуэ. Адыгеим щыщ еджагъэшхуэ ХьэдэгъэлI Аскэрпэ абырэ хуабжьу зэхуэтхэрт. ЩIэныгъэлIым абы ныкъуигъэхьырт и тхыгъэщIэхэр, хьуэзыу псальэхэрэ щыгъужу.

Ёзым ищIэ, зыщыгъуазэ псори сэ кьызэрысхильхьэнми хущIэкъурт си анэшхуэм и дэльхур.

ПатIушэ сурэт гъэтIылъыгъэ куэд иIэт. Яхэгъауэ Берд и тхыгъэм зи гугъу щищa гуимыхуж махуэм, 1936 гъэм и накьыгъэм и 2-м, трахауэ щыта сурэти хэльт абыхэм. Уеблэмэ а сурэтыращ мы псори сигу къэзыгъэкIыжар. Абы итыр си анэшхуэ Баблинэ и шыпхъу Мысостышхуэ Былэт. ЗэщыпхъуитIыр я адэжь лъапсэр БгыцIыкIущхьэм и хадапхэмкIэ кьыщылът. Былэ япэ дыдэу 1954 гъэм слъэгъуэуэ щыташ, си анэшхуэм и деж лъагъунэгъу нэкIуауэ. ПатIушэ и деж сыщыIэурэ сыщеджа зэманым нэхъ гъунэгъужу кьэсцIыхуащ Были абы и унагъуэм исхэри. Былэ и щхьэгъусэ Хьурей Мухьэдин Псыгуэнсу кьуажэм щызэхэта колхозым и тхьэмадзэу щытащ, иужькIэ ЗЖБИ-2-м и унафэщIу лэжьащ. Зэщхьэгъусэхэм бын дыгъэл эдгъэгъэтащ, эдгъэгъэсащ. Ахэр Хьурейхэ Светланэ, Татьянэ, Валерэ (ар пасэу дунейм ехьжащ, и ахърэтыр нэху Тхьэм ищI) сымэщ. ПатIушэрэ Былэ и унагъуэмрэ Налшык щыпсэуащ, Майм и 9-м и цIэр зезыхьэ уэрамым тесу. Махуэл дэдмыхуу дыдэкIэ зыщыдэкIа а лэжьыгъэм роль нэхъыщхьэр щызыгъэзэщIар Высоцкэрт.

Владимир Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыцIам, кином и тхыдэм, музейр къызэрызэрагъэпэща щыкIам, Высоцкэм и гуащIэр зэрыуахътыншэм я гугъу еджакIуэхэм яхунщIащ альпинизмэмкIэ тренер Белосовский Владимир. Уэрэджыкакуэ цIэрыIуэм и фэепльым деж студентхэр уэсэ кьыщеджащ, гитарэм щIэту уэрэдхэр щыжаIащ.

«Агро» колледжым и унафэщI Къуэщ1исокъуэ Хьэжпагуэ и жэрдэмкIэ, ныжь ильэс ещанэ хьауэ ирагъэкIуэкI мыпхуэдэ фэепльэ пшыхьхэр.

ДРОГУЭ Артур.

● ГукъэкIыжхэр

«БгыцIыкIущхьэм»

Тхьуэст Баблинэрэ Мысостышхуэ ПатIушэрэ, щысыр Тхьуэст Леонидщ. *Налшык, 1967 гъэ*

частушкэхэмрэ адыгэ къебжэкIэхэмрэ я зэгъэпщэныгъэр» кьыщыхэсхар. Абы сыщелэжьыж хуабжьу сэбэп кьыхсхуэхьауэ щытащ профессор Тресков Василийрэ Къарбэнгъущ Зырамыкуэ. Пуми псапэу Тхьэм къаритыж.

ИщхьэкIэ зи гугъу сщIа цIыху пажэхэм я закьуэкым сэ ПатIушэ сигъэщIыхуар. Абы и хадапхэмкIэ къинт и къуажэгъу нанэ губзыгъэ, и IуэхуфlхэмкIэ ди республикэм щыцIэрыIуэ Хьурей Феликс и анэ Iэминат (и ахърэтыр нэху Тхьэм ищI). ХадэмкIэ кIуэцIрыкI лъагъуэ щыкIуклэ дыкIуэрт Iэминатрэ и унагъуэмрэ тлъагъуну. Хьыбар куэд кьыджиIэжырт а нанэм, ерыскъы Iэфl куэди дигъэшхырт.

Ныбжьэгъу куэд иIэт си анэшхуэм и дэльхум. Абы и деж щIэхъщIэхьуэ кьакIуэрт и кьуажэгъуэу Мысостышхуэ Пщыэ3бий, Сонэ Башир, Къардэнгъущ Зырамыку (я ахърэтыр нэху Тхьэм ищI) сымэ. ПатIушэ тIэкIу зигъэсымаджэмэ, ятэ дыдэу сыздигъажэр Пщыэ3бий и дежт. Ар кьыдэрысу, и уэсэтхэр абырэ Былэрэ яжриIэрт. Псом хуэмыдэу абы гулытэ зыхуригъэщIыр ешэ и Iэкlэ ищIжауэ и пщIантIэм дэль мывэ сынырт, и щIэрт, унэцIэри, адэцIэри, кьыщалъхуари адыгэбзэкIэ кьыхиIущIыкIыжауэ тету. ЩIэлъаIуэр зыт: дунейм ехьжмэ, а гъэмрэ махуэмрэ и сыным адыгэбзэкIэ тратхэжьыну, ныбзыбзэ лъэпкъ кьыхамыгъэхьэу. «Хьунщ, ПатIуиз, умыгузавэ», - жаIэурэ лIыжьым игу фIы ящIырт кьыдэхуэсахэм, жаIэурэ ныжьи зэбгрыкIыжырт.

А псори сигу кьигъэкIыжащ «БгыцIыкIущхьэм» тхыгъэм...

Мысостышхуэ ПатIушэ дунейм щехьжам щыгъуэ, сэ дэ кьулыкъу згъэзащIэу хамэ щIыпIэ сыщIыIащ. Абы кьыхэкIыуи хьыбари сагъэщIэххакъым. Ар зэрыса лъапсэм иджы щопсэу Зэрэгъыж кьуажэм Хэку зауэшхуэм и пэкIэ щызэхэта колхозым и унафэщIу щыта, а зэманым партизанхэм яхэта Хьарзынэ Мухьэмэдрэ абы и щхьэгъусэ Тамарэрэ (я ахърэтыр нэху Тхьэм ищI) я кьуэ нэхъыщIэ Борис. И сыным теухуауэ ПатIушэ ищIауэ щыта уэсэтыр ягъэззщIащ Мысостышхуэ Пщыэ3бийрэ Хьарзынэ Борисрэ. ПатIушэ щыщIалъхьэжащ щалъхуа кьуажэжэкьым, БгыцIыкIущхьэм кьыбгъэдэт кхъм. ЩIэныгъэкIэ и тхылъхэмрэ сурэт гъэтIылъыгъэхэмрэ, ахэр ПатIушэ и кьуэш Хьэтыгъэ и кьуэ Хьэбалэ (и ахърэтыр нэху Тхьэм ищI) и бынхэм хурагъэщIэжауэ зэхэсхащ. И пэжыпIэм сыщыгъуазэкъым.

ТХЬУЭСТ Леонид,
УФСИН-м и ветеран.
Къэхъуэ кьуажэ

● Фэеплъ

Лъэужь дахэ къэзыгъэна Дудей Леонид

Журналист Iэзэ, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, Аруан районым и «Маяк» газетым ильэс зыбжанэкIэ жьуэ зыхь и секретарь лэжьа Дудей Леонид и Iыхьлыхэм, и лэжьэгъуэхэм, къэзыцIыхуу щытахэм ящыгъупщэркъым.

Дудей Леонид

ДУДЕЙ Леонид Лэсхэн районым ихьэ Арщыдан кьуажэм 1960 гъэм бадзэуэгъуэм и 30-м кьыщалъхуащ. Дзэм кьулыкъу щищIа нэужь, Аруан районым псы щIэгъэльэдэныр кьызэгъэпэщынымкIэ Iуэхущ1апIэм щылажьащ. Жьэ, цIыхум Iэщ1агъэр кьыхимыхьыу, атIэ абы кьыхуигъэщIу. Дудей Леонид и гъащIэм урипльэжьмэ, а псальэхэм аргуэру зэ щыхьэт утохьуэ. Псыщ1эгъэльадэ Iуэхущ1апIэм япэщIыкIэ щылэжьами, ар кьыщIэкIащ журналист Iэщ1агъэр зейхэм ящыщу. 90 гъэхэм и пэщIэдзэхэм Леонид район типографием тхыгъэхэр тридзэу лэжьэн щыщIидзащ. Мыгувэу ар ирагъэблэгъащ «Маяк» район газетым. Абы еджэхэм ягу дыхьэ, республикэм исхэр зыгъэгъазэ Iуэхуэхэр кьыщыдэта, экономикэм, узынщагъэр хьуэныкъуэ, щIэныгъэм, щэнхабзэм, спортым, диным, хабзэм, лъэпкъ тхыдэм ехьэлIа тхыгъэхэр зыгъэхьэзыр Леонид зыхьэхуэ журналист гупым я пашэу кьалъытэ, штатым хэмыт журналист куэдым я дзыхь кьрагъэзу кьыдэлажьэ хьуащ. Зи тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ зэман кIэщIым кьуриубыдэу щIэджыкIакIуэ куэд кьыдэзыхьэха Дудейм цIыхухэм пщIэ кьыхуащIыр. Апхуэдизу ар щыгуфIыкIырт ди республикэм, районым кьыщIыхьу зэхьуэкIыныгъэфIхэм, жылагъуэхэм ягъуэту хуежьа зыужьыныгъэм. Леонид и тхыгъэхэр «Маяк»-м и закьуэтэкъым кьызыхетхэу. Ар жыджэру ядэлажьэрт «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда» газетхэм. ЗэрымыщIэкIэ Дудейм Iэщ1агъэ хуэхьуа а Iэнатlэ мытыншым псэуху хуэпэжащ, сыт щыгъуи щIэхэр хилъхьэу, и кьалэнхэр пылъхьэнщэу игъэзащIэу. Леонид е зым кьыгурыIуэжат журналист Iэщ1агъэм кьызэрыхуигъэщIар. Дудейм и ныбжьэгъуэхэмэ и лэжьэгъуэхэмэ кьызэредкIэу щытар «франджыт». Абы щхьэусыгъуэ хуэхьуарт Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал университетым франджыбзэр щадж и кьудамэм ильэсищкIэ зэрыщIэсарт.

Ильэс тIощIым нэблагъэкIэ Леонид и лэжьэгъуу щыта, «Маяк» газетым и редактор нэхъыщхьэу лэжьа Гъэупльащ1э Заудин зэрыжиIэмкIэ, абы хьэл-щэн дахэ куэд дэплъагъурт, районым щекIуэкI зэхьэхьэхэм жыджэру хэтт, ресбуналыр кьызэрагъэпэща Къудейр Чэрим (зэрытетыр Кудаевщ) и Iэ зыщIэлъэ унафэм кьыщигъэлъэгъуатэкъым ахэр зыIуу гугъуехьхэр зэрыгъунапкъэнщэр. Хэбгъэзыхьмэ, зи щхьэгъусэр зауэм хэкIуэда фызабэр зы мыхьэнэшэ щхьэкIэ быным щхьэщагъу щагъэтIысщыIащ. Ауэ ар кьыщыхъуар нэхъ иужькIыIуэкIэщ.

Мыри гу зылыпатпхъщ. А зэманым редакцэр транспорткIэ кьызэгъэпэщауэ щытакъым. Абы и лэжьакIуэхэм нэхъ тхыгъэ кIыхьыIуэ ягъэхъэзырынуми, къуажэхэм лъэсу е машинэтедзэкIэ кIуэн хуей хьурт. Я кьалэнхэмэ мыIейуэ пэльэщыгт. Сыт хуэдэу щымытами, газетым тредзэхэм республикэм и щIыпIэ псори кьызэщIауфыдэрт. Ахэр нэхъыбэу зыхуэзгъэзар, а зэманым щыIа газетыбзэкIэ жьыпIэмэ, «колхозхэхтэм драггэкIуэкI агитационнэ-массовэ лэжьыгъэр». Ар зыхуэдэр зи гугъу тщIы кьыдэкIыгъэм тхыгъэшхэкIэ щызэпкърех «Хь. Дударх» (кьыдоцIыхуж а ильэсхэм редакцэм жыджэру щылэжьа икIи нужькIэ драматургэ щIэрыIуэ хьуа Дудар Хьэутий). Абы подджэжардымэ а номерым тридза «Агитационнэ-массовэ лэжьыгъэр щофIакIуэ» тхыгъэу Тэрч районым Кировым и цIэр зезыхьэу щыIэ колхозым кьритхыкIари. ДрохьэлIэ «Хь.Хь.» (Хьэхьунащ1э Хьэжбэчыр) и «Гъущ гъуэгу гъжьакIуэхэм щапхъэфI къагъэльагъуэ» тхыгъэми. Газетым куэду тридзащ губгъуэ лэжьыгъэхэм - сэхуран къызэрырахьэлIэжым, хьэмхэм еужьэркIыну гуэдз зэрыращалIэм, и.кь. ятеуха хъыбархэри. «НIиб и лэжьыигъэ IэнатIэм хьэлэлу бгъэдэтщ» тхыгъэ щыкIым дыкъыщоджэ: «Нальчинкэ районым щыщу Германчик Молотовым и щIэкIэ щыIэ колхозым и 8-нэ бригадэм пыпхъуэ зэтелъхьэныкмкIэ зи ныбжь хэкIуэта Щыбзыкъуэхэ НIиб щапхъэ гъуэздзкъэр кьыгъэльэгъуащ. НIиб и ныбжьэгъу ЛыжьхъэI я дэж социалистическэ зэхьэзэхуэм щыщIигъэхуабжьэкIэрэ, августым и 15-м щыщIэдзауэ и 25-м нэсыху мэкIу пыпхъуэу 10 зэтралъхьащ. НIиб губгъуэ лэжьыгъэм зэрыщIидзэрэ и нормэр проценти 100 - 150-кIэ игъэзащIэурэ лэжьащ.

Хь. Бекъулхэ».

Дэ иджыпсту кьыдгурыIуэфынукъым мэкъу зэтелъхьэм хэтхэм нормэ зэрыуагъэуву щыта щIыкIэр. ИтIанэ сытыт «зи ныбжьыр хэкIуэтам» нормэ иIэн щIыхуейр?

ШАЛ Мухьэмэд,
«Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель.

Высоцкэм и музейм

Бахъсэн къалэм дэт «Агро» колледжым щеджэхэр щыIащ Высоцкий Владимир и музейм, Iуащхьэмахуэ районым и Тегенекли щыуагъэм щыIэм.

1967 гъэм мыбы щытраухауэ щытащ Говорухин Станислав и «Вертикаль» фильмыр. Альпинистхэм ятеухуауэ ди къэралым ятэу кьыщыдэкIа а лэжьыгъэм роль нэхъыщхьэр щызыгъэзэщIар Высоцкэрт.

Владимир Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыцIам, кином и тхыдэм, музейр къызэрызэрагъэпэща щыкIам, Высоцкэм и гуащIэр зэрыуахътыншэм я гугъу еджакIуэхэм яхунщIащ альпинизмэмкIэ тренер Белосовский Владимир. Уэрэджыкакуэ цIэрыIуэм и фэепльым деж студентхэр уэсэ кьыщеджащ, гитарэм щIэту уэрэдхэр щыжаIащ.

«Агро» колледжым и унафэщI Къуэщ1исокъуэ Хьэжпагуэ и жэрдэмкIэ, ныжь ильэс ещанэ хьауэ ирагъэкIуэкI мыпхуэдэ фэепльэ пшыхьхэр.

ДРОГУЭ Артур.

Си Хэку

Сэ сыадыгэщ, си лъэпкыр дахэщ,
Псори кьехъуапсэу трехьэ пщэдэйм.
Сыт фIыуэ сльагъур -
сльагъур си лъахэрщ,
Гъагъэ, щIэращ1э, си Къэбэрдей!

Къуршыжьхэр уэрдзу,
уафэр кьабзащ1эу
Си лъэпкъ дахащэм
э кьыпщIэсыщIу.
Уи пщащэр дахэу, щIалэр щэджащ1эу
Лъэпкъ щыIэ псоми урапэрытщ.

Уи напэр кьабзэщ,
уи бзэр гуапагъэщ -
Уи лIыгъэр, си псэ, умыгъэжIэу.
Къэбэрдеищыр уэру тхуоГагъэ,
Нобэ пхудотхыр фIыщIэ уэрэд!

Гуауэм здощыгъуэ, хьуамэ гуфIэгъуэ,
ЩIалэ кьыданэкIэ щыI исымэй.
Нобэ ди Хэкум уи щIэрщIэгъуэщ,
Гъагъэ, efIакIуэ, си Къэбэрдей!

Псальэ пэж

Псальэм цIыхур егъэгуфIэ,
Псальэм цIыхур еукIыф.
ЕщI тхьэмыщкIэр насыпыфIэ,
Зауэ мафIэр егъэункIыфI.

ЛIым и псальэр гъущIу быдэщ,
Бзэгу зезыхьэм щхьэхъ кьепсэль.
Псальэщ губжьыр зэрышхыдэр,
Акьыльшхуэ псальэм хэльщ.

Псальэ гуауэр Iэщ1э бзаджэщ,
Щэуэ тохуэ уи гум ар.
Псальэ дахэр псальэ гъуазджэщ,
Усэу нобэ тхуаусар.

Псальэ гуауэкIэ фымыуэ,
Фи гум ивмыгъэкI гущIэгъу.
Пщы фыупсу фыщымыуэ,
Псальэ пэжыр фщы ныбжьэгъу.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Адыгэ фащэр йокIу урыс пащтыхь Николай ЕтIуанэми *(1868 - 1918)*, **франджы тхакIуэ цIэрыIуэ Дюма Александр-адэми** *(1802 - 1870)*.

«Маяк-07»-м и кьыдэкIыгъуэр хьэзыр мэхъу, Дудей Леонид сэмэгумкIэ щытщ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Зыгъэхьэзырар щХЬэщэмыщI Изэщ

Іуащхьэхэм я щэхухэр

● Гукъэкіыж

СЫЗЭРЫЩIЫКIУРЭ сэ сыдахь-хырт дышьпсэу Дзэлыкъуэ къуажэм ихъуреягъкIэ кьекIуэкI Іуащхьэхэм. ЩыкIуми инми апхуэдэ Іуащхьэу 10-м нэблагъэ плъагъурт ди кьуажэм удэту. Нэхьыжьхэм кьыджаIэрт ахэр пасэ зэманым псэуа цIыху кьулейхэм я кхъащхьэу зэрэщытыр. Псом хуэмыдэу сэ сфIэгъэщIэгъуэнт Дзэлыкъуэ и ипщэ лъэныкъуэмкIэ екIуэкI щыгум тет Мамыщ и Іуащхьэ лъагэр. Жьыкъэу уплъэмэ, а Іуащхьэм и щыгум иджыри лъагапIэ гуэр иIэу кьыпфIэщIырт. Зэгуэрым си адэм сеупщIащ а Іуащхьэм апхуэдэу щеджэмкIэ, абы иIэ щыгу цIыкIыр зищIысымкIэ. «Ар щыгу цIыкIыкъым, атIэ Бабыгуей (Сэрмакъ) жылэм щыпсэуа адыгэ абрэдж щэджащэ Мамыщ и кхъащхьэщ. Ар Пушкиным и Дубровскэм хуэдэу кьулейхэм, цIыхухэм яхуэбзаджэхэм япэщIэтащ. Зэгуэрым Мамыщ зэрыпсэлъыну уэгъэр кьытехуащ. Абы и ныбжьэгъухэр бийм зыIэрамыгъэхьэну щыщIэпхуэзэжым, я пашэри утыку кьранакъым. И псэр щыхэкIым Мамыш абыхэм уэсэт яхуищIащ зи щыгум уиту уплъэмэ, и жьыр щыплъагъу Іуащхьэм и хэдэр щыщIалъхьэну», - кьызжиIащ си адэм.

А хьыбарыр си классэгъуэхэм щахуэсIуэтэжым, зы щIалэ цIыкIум, Борщенкэ Анатолий, жиIэжащ Ашэбей (Малкэ) кьуажэм и щыбкIэ щыIэ Іуащхьэхэр кьыщатIэщIым и нэгу щIэкIаxэр. Абы щыгъуэм ильэс 12 хьу а щIалэ цIыкIум археологхэм псы яхунщат. Толэ зэрыкиIэжьымкIэ, Іуащхьэм щатIат скифхэм я пащтыхьыр. Ар щыдэ тахтэм тет. Абы ихъуреягъкIэ цIыхубзи 6-м, и щхьэхуми 6-м, шыхэм я щхьэжьупщхьэхэр щылт. ЩIэныгъэлIэхэм ящыщ шъм зэрыкиIамкIэ, скифхэм кьалытэрт ахъэрэтми пщыр и щхьэгъусэхэмрэ щхьэхъуэмэхэмрэ щахуэныкъуэу.

Си ныбжьэгъу нэхъыжькым кьиIуэтэжа хьыбарыр сфIэгъэщIэгъэн хьуати, абы зи гугъу ищIа Іуащхьэмрэ дыщэ тахтэмрэ ззэгъэльагъуну си я кьыхуикIырт. 1936 гъэм и бжьыхьэм 7-нэ классым щIэс еджакIуэхэр Сэрмакъ кьуажэм щекIуэжа район зэхэхьэм дашат. Малкэ жьылэм дыщыдэкIым Толэ дигъэльэгъуащ зи гугъу кьытхуищIа Іуащхьэр.

ИужькIэ илъэс куэд дэкIауэ журнал гуэрым Іэр хэзгъэнщIэщ.

● Хамэ Іэр Іэгъэзагъэ щхьэкIэ, гугъэзагъэкъым.

● Хуэмыху унафэ щIынкIэ Іэзэщ.

● ЩIы нэхъ бей щыIэкъым.

● Іэщ Іагъэ зиIэ и Іэщ дыщэ кьыпощ.

● Іэхуэнщэ псэльэрейщ.

● Къуажэхьхэр

ЩIыпхъэ зыхуапэ

Си пщIэгъуалэ
Льапэрисэм,
Псыщхьэр щтамэ,
Сышэсынщ.

Бзу шыритху
Зы абгъуэ исщ.

Щыуаем льэмыж,
Щыхуабэм щIэпхьуэж.

Уэгум щитым
Бадзэ хужьу,
Щыльэм кьэсмэ,
ТепIэн хуэж.

Жыгхэр зытIэщI,
Щыльэр зыхуапэ.

ЖЭУАПХЭР:

Лъэрыкъуэ. Іэмэ. Мыл. Уэс. ЩIэрыкъуэ.

● Псалъэжьхэр

ЩIы нэхъ бей щыIэкъым

● Улажьэмэ, Іыхьэнщэ хъункъым.

● ФIыуэ пльагъу Іуэхум

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIму: **6.** Насып зимыIэм и дзэр хъудырым … **7.** Ди щIыналъэм къудуу кьыщыкI, мышхумпIэ къызпыкIэ жыг. **9.** Куэзырым абы кьытекIуэ хэткъым. **11.** Адыгэм иλъэсыщIэр щыщихьэу жьхуаIэу щытар апхуэдэ лъэхьэнрэ. **12.** Мылажьэрэ мышIантIэу, … кьуэф кьелыхъуэрэ уэрамым дэтщ. **13.** Іуэхуки Iэ нэгъуэщI кьалэ пIалъэкIэ кIуар кьыщыувыIэ хабзэ унэ. **15.** Зиусхьэн лъэпкъ. **17.** ЩIымахуэм си Іэщыр мэжэлIэнукъым, мэкъу … снIэщ. **18.** Егъэлеяуэрыщ. **20.** Пхъащхьэмыщхьэ. **22.** Іужажэм и хьэщIэ и унафэщIым … кьригъэжхъыу. **24.** Щоджэнщ IыкIум и щIэ зезыхъэ Къэбэрдей театрым и джэгуакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист Шьбзыхьэ … . **25.** Нэщ1 мазэм зенишхэм, тхъэмышкIэхэм ират Іыхьэ. **29.** Псы кьыдзэрахь пэгуниIыр абы фIадзэ. **31.** Си ныбжьэгъум … кьигъуэтауэ зыхуей игъуэту мэпсэу. **32.** Хымвым зэредж изгъуэщIыдэ. **33.** Кьэбардей-Балъкъэрым и щIыхь кьэбгъэкIыжу. **34.** Транспорт лIэужьыгъуэ. **35.** ПшахъуэщI. **39.** Тутыныр абы иракIуэгэри йофэ. **40.** КIуанщагъэ зыIэжьа щIыху. **41.** Адыгэ компьютер. **42.** Нартхэм я фадэр абы кьыхащIыкIыу щытащ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

ЩIыныхъэм и 25-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIму: **6.** Мылъхуэс. **7.** Бжьэдыгъу. **9.** Кхьулэ. **10.** Щыбын. **12.** Зубер. **14.** Бэджыхь. **16.** Фэнц. **17.** КIэбгъу. **18.** Шухь. **20.** Адэ. **22.** Дауд. **27.** УриIэухутхьэбзащIэщ. **28.** Бжэгъу. **29.** Бгъэ. **30.** Хьэпс. **35.** Данэ. **38.** Гъубжэ. **40.** ХьэмыкIу. **41.** Бажэм. **43.** Мыдыгъу. **44.** Таж. **45.** Гуащэнэ. **47.** Кьэруакъ.

Кьехму: **1.** Гуль. **2.** Пэгун. **3.** Кьуэладжэ. **4.** Бжьиз. **5.** Уэ. **6.** Мышцэр. **8.** Гъэурыгъуэ. **11.** Бын. **13.** Блэ. **14.** Бру. **15.** Хьер. **18.** Шэрыб. **19.** ХьэIупэ. **21.** Дыхьэгъ. **23.** Адакъэ. **24.** ЩIхьэпс. **25.** ШIхуэ. **26.** Дыхьэгъ. **31.** Адэмыгу. **32.** ЩIхьэ. **33.** Сокъ. **34.** Сэрмакъ. **36.** Нэд. **37.** Гумкъалэ. **39.** Быж. **42.** Гъуанэ. **43.** Бжэн.

● Теплъэгъуэ

Сыту дахащэ щIымахуэр!
Сурэтыр **Кьарей Элинэ** *трихащ.*

● Хъыбар цIыкIу

И лIым щхьэ емыгупсысарэ?

Гъунэгъу фызыр и дэлъхум щхьэкIэ хъущIэрт:

- ЛIыуэ зибжьжмэ, лIы хуэдэу щрет! Сыт ар апхуэдизрэ и фызым жиIэм щIедаIуэр? И жьэр щхьэ зэщIригъэхьыхэрэ?

Абы и псалъэхэр щызэхэсым, сыкъыпыгуфIыкIащ. Езым и щхьэгъусэм (фIы дыдэу соцIыху, си ныбжьэгъущ) хуитынигъэ лъэпкъ щиIэтэкъым унагъуэм. Уеблэмэ лъэжапIэм щыщу пивэ уасэ и жьым кьринаэу кьищIэмэ, кьаугъэ ирищIэкIыр. ЗэрыжаIэу, псори зи IэмыщIэ илтыр езырат. И дэлъхум щыхъэшхыдэм езым и лIыр сыту нгу къэмыкIыжар!

САУТ СультIан.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Кхъуейжьапхъэ плъыжь

Мыр щымахуэ щхьыну ящIырт, къызыхащIыкIыр хьывышэт. Хуабжьу къэуатащ. Шатэ зытрамыха щэр градус 55-рэ хьуху ягъэхуабэ, абы льатэпс хакIэр, пщIэн щхьэкIэ и щхьэр тепIауэ дакъикъи 5 - 8-кIэ щагъэт. Щэ пщIар болагъькIэ фIыуэ зэIащIэри, шыуаным иракIэ, мафIэ щыкIу дыдэм трагъэувэри, сыхьэти 2 - 3-кIэ кьагъавэ - шэжьипс тIэкIу фIэкIа кьыщIэмынэжьыкъу. Шатэм и зэхуэдитIыр абы хакIэ, зэIащIэурэ дакъикьи 3 - 5-кIэ кьагъавэ.

ИтIанэ шатэ къэнам джэдыкIэ кугъуэ хакIэ, гуэдз хьэжьигъэ хакIуэтэри, тыкIыр кьыхъэмынэжьыху зэIащIэ. Ар шыуаным итым хаиIэри, мафIэ мынным тету, и щхьэр ныкъуэтепIэу Іув хъуху кьагъавэ, щIимысыкIын щхьэкIэ зэрэмызэ пхъэ бжэмышхкIэ зэIащIэурэ. Апхуэдэу зы сыхьэтым нэскIэ трагъэт. Тхъу кьыгридзэу щыхуежьэкIэ, нэхъ псынщIэу кьыщIэкIын щхьэкIэ, шыгъу зыхэдза псы щIыIэ тIэкIу щIакIэ.

Хьэзыр хьуа кхъуейжьапхъэм тхъу кьыгтежу щытщ, езыр плъыжь дахэщ, мэ Іэфі дыди кьыхех. ГъэтIыпIыгъгъэ ящIынумэ, тIэкIу ягъэупщIыIри, хьэжьущыкъым ираптхьэ, и щхьэр трапIэри, щIыIапIэм щагъэув. Щыхуейм деж гъэхуэбжьажэ яшх. Кьуэатыштхуэ зэрыщIэлтъым кхыхэкIыу, нэхъ щашхыу щытар нэщI мазэрт. Щакхъуэ, щхьэжьыщ хуабэ, пластэ, мырамысэ дашх.

Халтьхьэхэр (зы цIыху IыхьэI): *шэ щIэмыхуу - г 1000, льатэпсу - г 45-рэ, шатэу - г 250-рэ, джэдыкIэ кугъуэу - г 20, гуэдз хьэжьигъэу - г 7, шыгъур зэрагъэткIу псыуэ - г 10, шыгъу - узыхуейм хуэдиз.*

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым кьытхыжащ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Жылаеэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и хьэщIэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Исэтэн Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжьыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Иэз.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхуащ1апIэхэм ядолжэхьнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ писымохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхуащ1апIэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Іуэхуащ1ахэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм ящу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и щIэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаэгъуэм и 14-м Печатым и хунтынымрэ хьэмэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхуащ1апIэм №ПИ-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэжьыгъуэ елэмхьахэр: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору Чэрим Марианнэ, корректорхэу Мырзэкъан ФатIимэ *(1, 2-нэ нат.)*, Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нат.)*. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящаш* Нар Сандэ, Мэлбэчэ Анжелэ, *сурэтхэм елэмыр* Кьарей Элинэ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рэ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.766 ● Заказ №165